Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 62-63 (9882-9883) | 6 октябрь | Рузман | 2017 сон

## АНСАЛТIА КIОДО ГЪАБУНА ХАРАБАЗУЛ КЪО

Социалияб рахъ-алъан халкъ цIуниялъул идараялъул тIадаб хIалтIилъун ккола социалиял байрамал кIодо гьарун гьел тIоритIи.

Гьел байрамазул пайда бугеб рахъалъунги дида бихьула гIадамал цолъизари, гьезул гьоркьоблъи лъикIлъизаби. Гьединал байрамал тIоритIи кидаго гьираяб хIалтIилъун букIана нижее. Ахирал соназин абуни гьелъие биччалеб гIарцулаб къадар тIадеялдаса тIаде дагьлъулеб буго.

Амма хIалтIизе гьира бугев хIалтIухъанасе гьел гIиллабазул квал-квал букIунаро.
Абиги гьечIищха ;
«Чорхолъ иман бугони,
хIалтIи цебехун уна,
хIалтIулъ жигар бугесул
пайда халкъалъе щола»-
абураб.

Гьединазул цоявлъун ккола АнсалтIа росдал администрациялъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбегов. Гьесул хIаракаталдалъун, гIадатлъун лъугьун буго сонайилго АнсалтIа ригь арал гIадамазул къо кIодо гьаби. Исана гьеб байрам тIобитIана гIатIидго. Гьенире ахIун рукIана мадугьалъихъ ругел ай Шодрода ва РахатIа росабалъаги хараби. Гьелъие бугеб мурадлъунги букIана росабазда гьоркьоб вацлъигьунки, гьудуллъи щула гьаби.

Байрамалда гIахьаллъи гьабуна 50 гIанасел харабаз.











Гьезда баркиялъул рагIаби абун кIалъазе цере рахъана АнсалтIа росдал дибир СагIадула ГъазимухIамадов, харабазул гIуцIиялъул кIудияв МухIамад Лабазанов, Шодрода росдал вакил Салман ХIасбулаев, РахатIа росулъа М. Даитов, КЦСОНалъул вакилзаби СалихIат Дамаданова, Ханика МухIамаева ва.гь.ц.

Хараби ккола жидер баракатги гIемерал,бокьараб ишалъулъ хIалбихьиги, гIакълуги бугел адаб хIурмат цIикIкIараб гIел. Гьезда бихьана гIумру, захIмат.. Лъималазе тарбия кьолаго, гьезие хIажатаб гьабулаго ун батана гIумру. Гьезул захIматалъулъ тIегьан бачIараб ккола нилъер эркенлъиги. Харабазул адаб гьабизе тIадаб буго нилъер щивасда-ян абуна кIалъазе рахъараз.

Хадур цере рахъана АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби. Балагьаразул ракIал асир гьарулеб цере-рахъин гьабуна гьез: рицана ва ахIана кучIдул ва частушкаби, бихьизабуна сценка, кьурди.

Гьеб къоялъ харабазда рагIана гIемерал баркиял, гьара рахьиял. Гьел гIодор кIусун рукIана тIагIамал кванил нигIматал тIад гIуцIарал столазда нахъ.

Байрамалъул ахиралда батIи – батIиял сайгъаталги кьуна харабазе. Гьединалго сайгъатал 20 гIанасев чиясе рокьорокьореги щвезе гьаруна.

**Сакинат Абакарова**
**КЦСОНалъул хIалтIухъан**



Пресс- служба райадминистрации сообщает:





Джавгарат Ахмадудинова, пресс-секретарь

# СПАСЕМ БАЙКАЛ ВМЕСТЕ

Экологический урок «День Байкала» прошел 25 сентября 2017 года в Андийской СОШ №1 ,под руководством учителя химии Хасаймирза Хасаймирзаева .



С 1996 года озеро Байкал является Всемирным природным наследием ЮНЕСКО и ежегодно привлекает огромное количество туристов со всех уголков мира. Вместе с тем, озеро подвергнуто многочисленным угрозам, и нуждается в заботе для его сохранения.

На экологическом уроке воспитанники узнали о том, как можно сохранить Байкал. Занятие проходило в интерактивно-игровой форме, ребята отвечали на вопросы об истории возникновения, о растительном и животном мире озера Байкал, обсудили проблемы, которые угрожают водоёму: браконьерство, исчезновение почвы, мусор, загрязнение воды, многочисленные пожары на береговой территории. После обсуждения ребята выполнили задания, позволившие найти и сформулировать решения для сохранения Байкала

По словам Хасаймирзы Хасаймирзаева урок «День Байкала» призван познакомить учащихся с уникальным озером и научить их простым действиям,



которые помогут сохранить водные ресурсы России. «В ходе урока была проведена познавательная викторина «Знаешь ли ты Байкал?». Здесь учащиеся расширили свои знания об истории, физико-географических особенностях Байкала, вспомнили видовое разнообразие животного и растительного мира. Также на экоуроке ребята сформировали полезные советы, как можно экономить воду в повседневной жизни»,- подчеркнул он.

Далее учащиеся в рабочих группах выполнили рисунки по номинации «Спасем Байкал вместе».

После проведения урока учитель подарил на память учащимся карманные книжечки-памятки с полезными советами на каждый день, выполнение которых действительно позволяет снизить отрицательную нагрузку на природные экосистемы.

# НАЛОГИ - ОСНОВНОЙ ИСТОЧНИК ФОРМИРОВАНИЯ БЮДЖЕТА





26 сентября 2017 года в управлении финансов и экономики АМР «Ботлихский район» прошло совещание с участием глав сельских поселений.

На совещании приняли участие начальник УФ и Э АМР «Ботлихский район» Заурбег Муслимов, начальник отдела экономики при управлении финансов и экономики АМР «Ботлихский район» Абакар Абдулатипов, заместитель начальника МРИ ФНС РФ №12 по РД Абакар Абдулаев, на котором были обсуждены вопросы: обеспечение выполнения плановых заданий по имущественным налогам за 9 месяцев, инвентаризации земельных участков для уточнения и устранения имеющихся ошибок в базе данных ГКН с целью определения налогового потенциала на 2018 год, соответствующего действительным значениям».

По обсуждению данных вопросов Заурбег Муслимов рекомендовал главам СП продолжить реализацию мер, направленных на обеспечение сбалансированности бюджетной системы, работу по наращиванию налоговой базы, «Налоговая политика руководства района направлена на безусловное выполнение доведенных плановых заданий. Нашей задачей является не только расширение налогооблагаемой базы, но и совершенствование механизма повышения уровня уплаты налогов и сборов. Необходимо довести до каждого жителя, что прежде всего местные налоги являются одним из источников формирования бюджетов территории и, что, именно, эти суммы напрямую доходят до местных жителей конкретных поселений»,- указал начальник УФ и Э.

Главы сельских поселений в своих выступлениях отметили, что на поступления местных налогов влияют как объективные причины - низкая установленная стоимость объектов недвижимости, невысокая кадастровая стоимость земель в ряде поселений, большое количество льготников-пенсионеров по налогу на имущество физических лиц, так и субъективные причины - зачастую в налоговой инспекции отсутствуют сведения о собственниках имущества, в том числе после наследования, кадастровая стоимость земельных участков и т.д.

Также на заседании выступил заместитель начальника МРИ ФНСРФ №12 по РД Абакар Абдулаев .

На заседании межведомственной комиссии главам сельских поселений рекомендовано активизировать работу в этом направлении ежедневную работу по выявлению земельных участков с задвоенными кадастровыми номерами с последующим исправлением и актуализацией сведений базы ГКН в соответствии с проведенной сверкой, в десятидневный срок завершить работу по присвоению адресных характеристик объектам, у которых отсутствует адресная информация, и внесению их в похозяйственные книги, с уточнением сведений об объектах капитального строительства и земельных участках.

МРИ ФНС России №1 по РД было рекомендовано обеспечить представление запрашиваемой администрацией информации, также своевременно предоставлять сведения о налоговой базе и структуре начислений по налогам и сборам, статистические отчеты, информацию, необходимую для формирования и исполнения местного бюджета в части налогов и сборов, контролируемых налоговыми органами.

# МУГIАЛИМ

## БАРКИ!



***ХIурматиял мугIалимзаби, лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби, ветераналмугIалимзаби!***

***РакI-ракIалъ баркула нужеда-нужер профессионалияб байрам!***

***Нужер хIалтIи буго захIматаб амма кутакалдаса кIвар бугеб суал жинде тIаде ккараб. ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия ва лъай кьей. Замана анагIан учителасдасан тIалабалги цIикIкIунел руго. Нилъер районалъул мугIалимзабаз кIудияб жавабчилъиялда борхулебги буго. Гьезул бажариялдалъун рахъунел руго олимпиадабазул призерал, конкурсаз лауреатал. Учитель кьев ккола захIматчи, цевехъан. ГIицIго рухIияб къуват бугев инсанасда гурони баччизе кIоларо къойилго цIикIкIунел тIалабазул бакIлъи.МугIалимзаби руго бищунго лъикIал ва церетIурал гIадамал-ватIаналъул меседил фонд ва чIухIи. Къулула нужеда цебе бетIер. Гьарула хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, икъбал, щулияб сахлъи, рекъел, ва нужер захIмат ритIухъ гьабурал цIалдохъаби.***

**Районалъул бетIер**
**М.ПатхIулаев**

## МУГIАЛИМ, ДУР ЦIАРАЛДА ЦЕБЕ КЪОЙИЛГО КЪУЛУЛА НИЖЕЦА БЕТIЕР!

Жеги СССРалъул заманалдаго, ай 1965 соналдаса кIодо гьабулеб букIана учителасул къо. Гьеб къолъунги рикIкIунеб букIана 29 сентябрь, яги октябралъул тIоцебесеб гьатIан къо. Гьелдаса нахъе сверана лъебергониги сон ва гьеб байрамкъолъун тасдикъ гьабуна. Гьединаб къолъунги лъазабуна 5 октябрь.

Гьалеха таманалго соназ нус-нус улкабазда кIодо гьабулебги буго гьеб. ЦIалдохъабаз, улбуз баркала загьир гьабулеб буго лъаялъул нуцIби рагьулел, жидер чидар батIа гьаричIого лъималазе тарбиялъай кьолел мугIалимзабазе.

Гьеб къо ккола гьездехун ва гьезул хIалтIудехун бугеб адаб загьир гьабулеб къо. МугIалимзабазул хIаракаталдалъун бижунеб буго цIалдохъанасул лъаялде рокьи , рагьулеб ва тIегьалеб буго лъималазул гьунар.

Гьединан исана нилъер районалдаги гьеб къо кIодо гьабуна Зило росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана волейбол. ГIахьаллъи гьабуна Болъихъ №1 Кьохъ, КIижани, ГIанди №2, ГIашали, РикIвани, ТIандо ва Зило росабазул школабаз. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Лъай кьеялъул Управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIиловас. Гьес лъикIаб къимат кьуна турниралъе.

Гьединго цогидал росабалъги тIоритIана волейбол, футбол ва батIи-батIиял хIаял.

Школалъул кавабазда цебего дандчIвай гьабуна Шодрода росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз тIугьдузул квацIабигун, гьара-рахьигун гьеб къоялъ мугIалимзаби.

Дарсал лъугьун хадуб бихьизабуна гьитIинабго концертги.

Гьединго районалъул къватIаздаги дандчIвалел рукIана мугIалимзаби кодор тIугьдузул квацIабигун .

Биччанте байрамкъо ананиги гьелъ кьураб рохел рекIелъ хутIизе.

***Баркула мугIалим, гьайбатаб байрам***
***ГIетI тIолеб, свак гьечIеб гьеб нужер хIалтIул***
***ТIолго махщелазул хьонлъун жиб кколеб***
***Кинабго гIелмудул иццлъун жиб кколеб***

## БАРКИ!



***ХIурматиял мугIалимзаби, лъай кьеялъул учреждениязул хIалтIухъаби, ветераналмугIалимзаби!***

***Баркула нужеда-профессионалияб байрам - МугIалимасул къо!***

***Нужеца нужерго гIумру сайгъат гьабулеб буго бищунго кIвар бугеб, адаб-хIурмат бугеб махщалие, гIун бачIунеб гIелалъе лъай кьеялъе.***

***Жакъа учителасда цебе буго масъала гIицIго лъай кьей гуребги, цIалдохъанасул гьунар махщел тIатинабиги .***

***Баркала буго нужее сабруялъухъ, хIалтIудехун бугеб ритIухълъиялъухъ ва жавабчилъиялъухъ. Гьарула сахаб гIумру, икъбал ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.***

**Лъай кьеялъул**
**Управлениялъул нухмалъулев**
**ХIажигIиса ИзмагIилов**



# ХIАЛТIИГИ ЛЪИМАЛГИ РОКЬИЗЕ ККОЛА



*Шамсудинова ГIайшат Шамсудиновна гьаюна ва гIуна Болъихъ росулъ. 1999 соналъ Болъихъ N3 гьоркьохъеб школаги лъугIизабун цIализе ана ДГПУялъул историялъул факультеталде. Студентлъун йикIарал соназда гIахьаллъи гьабулаан батIибатIиял мероприятиязда. 2004 соналъ тIокIлъигун лъугIизабуна университет. 2008 соналда хIалтIизе лъугьана Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалда-обществоведение дарсалъул мугIалимлъун.*

*Жакъа кьоялда гьей йиго историялъун дарсал кьолей.*

*-ГIайшат, баркула дуда нужер профессионалияб байрам-Учителасул къо!*

-Баркала.

**-Доб замана ай 1990 абилел сонал рукIана учителасе захIматал.РукIинчIо моцIазгицин харжал рачIунел. Бугониги гьеб махщел тIаса бициялъе ккараб гIилла щиб букIараб?**

-ТIоцебесеб гIилла буго гьеб берцин бихьи.Нижер классалъул руководитель йикIана Загьра ХIусеновна. Сабурай, хIеренай, насихIатал гьуинай. Гьелде бугеб адаб-хIурматалда тIад тIегьан батилин ккола дир гьеб махщалидехун рокьиги.

**-ХIалтIуде ячIараб тIоцебесеб къо ракIалда бугищ?**

Узухъда буго. БитIахъего сири бан букIана черхалда. КIвелебдай лъималазе лъай кьезе гьел битIараб нухде ккезаризе абурал суалаз кваналеб букIана керен.

**-Кинавлъун вукIине кколев ГIайшат, жакъасев учитель?**

ТIоцебесеб иргаялда бокьизе ккола лъимер, хIалтIи. БукIине ккола сабру, гьира гьеб хIалтIи гьабизе. ХIалтIиги лъималги рокьуларев чияс бачунеб хIалтIи гьечIо гьаб. Гьединго жиндаго тIад хIалтIизе ккола. Щвараб лъаялда гIейги гьабун тIуваларо учитель.

Замана анагIан техника цебе тIолеб буго. Хисулеб буго дунял, хисулел руго лъимал гьелдаго цадахъ ине ккола мугIалимги. Лъималазе лъай кьезе ургъизе ккола цIияб нух, къагIидаби. Нижер букIине бегьуларо хIалтIудехун тIаса масагояб бербалагьи, щайгурелъул нижеда цеве гIолев буго вукIинесев специалист.

**-Гьал ахирал соназда жаниб лъималазул цIалудехун бербалагьи кин хисараб?**

Кутакалдаса цIодорал лъимал ругин абизе бегьула. Жакъаго цебе лъолеб буго гIумрудул анищ-щивлъун вахъине бокьун бугебали. Ва жинцаго бищараб бакIалда тIад кьолеб буго кIудияб кIварги. Интернетазда раккун, мугIалимзаби ккун дополнительногицин жалго тIад чIолел руго лъимал.

**Дурго хIалтIулъ дуе бокьулеб ва бокьулареб рахъ?**

Бокьулареб рахъ бокьулеб хIалтIулъ бихьулеб батизе гьечIо. Бокьула лъикIаб коллективги, дица кьураб лъаялде данде жаваб бугев цIалдохъанги.

**-Дуца абунаха лъимал рокьизе ва лъазе кколин. Балагьилаха кигIан лъикI дуда гьел лъалел ругелали. Ругищ гьезда гьоркьор спорталде, музыкаялде рокьи бугел.**

Руго. Волейболалъул командаялда гьоркьор ХIайбулаев, Чупанов. ЩехечIониги рехсела цIалул церехъабиги ГIумаров Амир, Мутаева ПатIимат ва гь.ц.

**Бокьизе букIанищ лъимал дурго нухдаса ине?**

-БукIана. ЗахIматаб хIалтIиги буго. Цо-цо нухалъ гьеб халалъула 12 сагIаталъгицин. Бугониги кутакалдасан лъикIаб ва чара гьечIого хIажатаб хIалтIи буго гьеб. Руго раккун цо-цо филиалал Болъихъги букIана гьеб. **Кумекалдалъун цогидал шагьаразда компютералда лъун лъай кьолеб. Дуца щибан гьелда абулеб?**

**-Дица абила киданиги машинаялъ мугIалим хисуларилан.**

**–Учителасул махщел буго кидаго къимат цогидазе кьолеб. Бигьаго букIунищ къойил судиявлъун вукIине?**

-БукIунаро Лъимералъул цIалуде рокьи бижинабулеб нух батизе ккола. Цо-цо къимат биччан цо-цо къвакIизабун.

**Мун разияй йигищ гьал школазда гьарурал хиса-басияздаса. Масала ЕГЭ?**

Йиго. Лъимер ц1алулебги бугони, ц1алиялда рокьи бугебги батани кинабг1аги бегьулареб рахъ дида гьениб бихьулеб гьеч1о. Гьелъул г1аксалда ЕГЭялъ кумек гьабула лъимералъе жиндиего бокьараб махщел т1асаги бищун гьелда т1ад ч1ей гьабизеги.

**Баркалаялъе мустахIикъаб хIалтIи батанищха дуда гьаб?**

-Батана. Цо-цо чиясда гьеб бичIчIичIониги, дицаго абила баркала кIвараллъулъ букIунин. КигIан пайда бугеб халкъалъе гьедигIан баркалаги букIуна гьениб жаниб. В. Тушновалъул кечI рехселин; «**Если б не было учителя, то и небыло б, наверное, ни поэта, ни мыслителя…**»

Эркенаб заманаялъ щиб дуе бокьулеб гьабизе?

**Хъизан-лъималазе замана кьезе. НасихIатал гьезие гьаризе, махсаро-хочI букIине. Хобби кинаб бугеб дур?**

БатIи-батIиял тIагIамазул квен гьабизе бокьула.

**ГIайшат, баркала гарачIвариялъухъ.**

**З. МУХIАМАДОВА**



# МАХЩЕЛ ЦIУБАЛЕБ КРУЖОК

Дагъал церегIан къояз культураялъул рукъалда цебе тIобитIун букIана «ГIандадерил буртинадул къо».

Гъеб тадбиралда щибаб росдал махщелалгун лъай-хъвай гъабизе ресги букIана.

Гъединал тадбиразулъ лъан вукIана нилъеда Шодрода росулъа Камалудин ХIайбулаевасул суратал рахъизе бугеб гъунарги.

Гъаб нухалъ киналго гъалбадерил, гIахьалчагIазул бер тIад цIана Кванхидалъ росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз гьарурал тIагIелазде.

БитIараб бицани дунгоги сагьвил гьаюна гьезул гьунаралъ. Унго-унгоял устарзабаз кинниги цIакъ махщалида ва мухIканго хIалтIи гьабун буго гьез.

Щугониги сон буго гьаб кружок росулъ рагьаралдаса нахъе-ян абуна школалъул директор Шахрурамазан МухIамаднабиевас. Гьелде лъимал ругьун гьарулевги живго вугоан.

Кутакалдаса кIудияб гьира-шавкъги букIуна лъималазул гьеб кружокалде хьвадизе. Дагьавниги дун кватIанани жалго хадур рачIунгицин цониги къо гьоркьоб биччазеги толаро гьез-ян абуна гьес.

Кружокалда гIуцIун бугоан кIиго группа. Щибаб группаялда вуго I2 чи. Хьвадулел руго ичIго соналдаса-I4 соналде щвезегIан васалги ясалги.











# РАГЬАРАБ ДАРС

Дагьал церегІан къояз Шодрода росдал гьоркьохъеб школалда тІобитІана «Каспий-жемчужина Дагестана» абураб ахІиялда гъоркь ралъдал къоялъул хІурматалда рагьараб дарс.

Дарсида лъималазул лъай-хъвай гьабуна Каспий ралъдал бугеб бакІалъулгун, гьелъул хассльабигун. Специалист хІисабалда ахІарав Лабазан МухІамадовас рехсана инсанас гьабураб заралалдалъун ккарал гІунгутІабазулги. Бицана тІабигІат цІуниялъул бугеб кІваралъулги. БукІана гьеб дарс видеоматериалалдалъунги бечедаб. Жалго лъималазги хІадур гьарун рукІана докладал Каспий ралъдал хІакъалъулъ.






Лъималазул хІаракаталдалъун биччан бугоан кІигониги стенгазетаги «Аквар-терра» ва «Живая природа побережья Каспия» абураб. Гьединго гІуцІун букІана «Каспий-жемчужина Дагестана» абураб темаялда суратал рахъиялъул конкурсги.

Дарс гІуцІарай биологиялъул мугІалим Шумайсат МухІамадовалъул рагІабазда рекъон дарсил аслияб масъала кколеб бугоан Каспий ралъдал хІикматаб тІабигІат цІалдохъабазда лъай.

Гьадинал дарсаз гІицІго лъай кьей гуребги рокьиги бижинабула тІабигІаталдехун ва гьеб цІуниялдехун-йилан абуна гьелъ.

ЛъикІаб къимат кьуна дарсил гІуцІиялъе ва гьабураб хІалтІуе Лабазан МухІамадовасги.



# ОЛИМПИАДАЯЛЪУЛ АНКЬ

*Школа рагьун заманго иналде районалъул школабазда т1обит1улеб бук1ана олимпиадаялъул анкь.*

*Гьелъул аслияб мурадлъунги кколеб бугоан пагьму-гьунар бугел лъимал т1атине гьари.*

*Гьединан г1уц1ана: история, биология, химия, физика ва математикаялъул дарсазда т1асан олимпиадаби.*

*Т1оцебесеб бак1 босарал ц1алдохъабаз г1ахьаллъи гьабизе буго районалъулаб олимпиадаялда.*



# ЦІАЛУЛ ТІАХЪАЛ РОСИЗЕ ГІАРЦУЛАБ КУМЕК

***Дагъистан Республикаялъул ХІукуматалъ 2012 соналъул 8 августалъ бахъараб №265 хІукмуялда рекъон, районалда бугеб халкъ социалияб рахъалъ цІуниялъул управлениялъ исана тІоцебесеб классалде унел лъимал гІемерал хъизаназе кумек хІисабалда кьезе бихьизабун буго кІиазарго гъурущ.***

***Гарац жидее щвезе кколел рачІине ккола УСЗНалде лъимер гьабиялъул хІакъалъулъ свидетельствоялъул копия, лъимер тІоцебесеб классалде цІализе восун вугин абураб справка, хъизаналъулаб справка, эбел-инсул паспортазул ва СНИЛСазул копияби, гьезие щолеб хайиралъул яги хІалтІуда гьечІин абураб ва пенсионнияб фондалдасан справкабиги росун.***

***Цо-цо гІиллабазда бан, мурадалда балагьизабураб гІарцулаб кумек-2000 гъурущ босичІого хутІани, тІасияб соналъ кьоларо. ХІаракат бахъе гІужда гьеб тІалаб гьабизе.***



Газеталда жаниб газета хІадур гьабуна З. МухІамадовалъ

# программа

**Газета гIуцIарал:**

**МР «Болъихъ районалъул администрация**

**учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

БетIерав редактор

**ГI. ГIумаханов**

Отделалъул редакторал

**П. Дибирова**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***

***М. ГIумаханова***

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***

***Индекс: 368970***
***Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI***

***Телефонал:***
***Редакторасул 2-20-53***
***гIаммаб 2-20-37***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Тираж -550***
***Индекс-5I349***
***Багьа-6 гъурущ***

***Газета печаталде кьуна I6.00 хамиз къоялъ***
***Газета кьабуна 20.00***

***Заказ № ______***

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ***

***№ I0 - 46I4***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.***


## СПОРТ

# МАЗГАРАЗУЛ МЕДАЛАЛЬЕ МУСТАХIИКЪЛЪАНА



Сентябралъул ахиралда Анапа шагьаралда тIобитIана кик-боксалъул рахъалъ дунялалъулго чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 28 улкаялдаса 1000-гIанасев спортсменас. Цо-цо дунялалдаго цIар рагIарал спортсменал финалалдегицин рорчIичIеб гьеб даража тIадегIанаб турниралда нильер районалъул МигIарсо росулъа спортсмен ГIусманов МухIамад Шарапудинович мустахIикълъана мазгарул медалалъе. МухIамадил гьудулгьалмагъзабазул, гьев лъалел ва рагIарал районцояз ракI-ракIалъ баркулеб буго гьесда гьеб бергьенлъи, гьарулеб буго гьесие сахлъигун икъбал ва спорталъуль жеги чIахIиял бергьенлъаби.






# СПОРТАЛЪУЛЪ БУГО САХЛЪИ



«Заралиял пишабазул бакIалда-спорт» абураб девизалда гьорк 24-25 сентябралъ нильер районалда тIобитIана районалъул росабазул командабазда гьоркьоб спортивияб тадбир. Гьеб тадбир гIуцIана райадминистрациялъул ФКСДМ и Т отделалъ ва «Ас-саламалъул» Дагъистаналъул бакIалъулаб общественниятаб организациялъ. Тадбир тIобитIиялъе гIарцулаб рахъалъ кумек гьабуна районалъул администрациялъ, №12 налоговияб инспекциялъ, Болъихъ РЭСалъ. КIиго къоялъ тIоритIарал гьел къецазулъ районалъул росабазул анкьго команда къеркьана тIоцебесеб бакIалъе гIоло спорталъул анкьго батIияб тайпаялъулъ. Гьел ккола бакIлъи борхи, миллияб гугари, канат цIай, гиря борхи, чIараб бакIалдаса кIанцIи, турникалда цIазари, манзилалда рекери гIадал тайпаби. ЦIакъго кIудияб интерес балагьаразеги жалго спортсменазеги букIана канат цIаялъул. Гьаруна къецазул хIасилал. ТIоцебесеб бакI щвана АнсалтIа росдал командаялъе, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Болъихъ росдал команда ва лъабабилеб бакI ккуна рахалазул командаялъ. Бергьарал командабазе кьуна кубокал ва гIарцулал призал.



-Гьединал спортивиял тадбиразул аслияб масъалалъун ккола гIун бачIунеб гIел спорталде цIай, гьелдехун рокьи бижинаби, заралиял пишабаздаса гьел рикIкIад гьари. Гьеб гуребги гьединал турнираз чара гьечIого щулалъизабула гьудуллъи, цоцазулъ гъунки,-ян абуна райадминистрациялъул ФКСМД и Т отделалъул бетIерав специалист МухIамад Набиюлаевас.

***Ж. АхIмадудинова,***
***пресс секретарь***



Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ Бадрудинова ПатIимат Абдулкадировналъул цIаралда 2015 соналъ кьураб аттестат №00518000999185 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе рикIкIуна **хIакъикъияб гуреблъун**.

Муни гьоркьохъеб школалъ 1997 соналъ МухIамадибирова ПатIимат СалахIудиновналъул цIаралда кьураб аттестат №0293653 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе рикIкIуна **хIакъикъияб гуреблъун**.

## Статистическое наблюдение по вопросам ИКТ

Выборочное федеральное статистическое наблюдение по вопросам использования населением информационных технологий и информационно-телекоммуникационных сетей (ИКТ) будет проводиться **в Ботлихском районе в с. Зило** с 16 по 22 октября 2017года. Единицами отбора являются домашние хозяйства, единицами наблюдения – лица в возрасте 15 лет и старше, члены этих домохозяйств.

Информация, полученная по итогам обследования ИКТ, используется для анализа состояния и тенденций развития информационного общества с учетом региональных особенностей и социально-демографических характеристик.

Данное обследование проходит на всей территории Российской Федерации. Опрос населения осуществляется методом проведения интервью и записи сведений, полученных от респондентов на основе формы федерального статистического наблюдения № 1-ИТ «Анкета выборочного обследования населения по вопросам использования информационных технологий и информационно-телекоммуникационных сетей», утвержденная приказом Росстата от 13.02.2017 № 90, с изменениями от 14.04.2017 № 241.

Первичные статистические данные, содержащиеся в анкете об использовании ИКТ, признаются информацией ограниченного доступа. Они не подлежат разглашению (распространению (или) предоставлению) и используются только в целях формирования официальной статистической информации.

**Гл спец. Дагестанстата**
**По Ботлихскому району**

**Закарьяева Н.Г**